



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV K'AP MENNEN NAN NASYON AN POU ELAJI ITILIZASYON VEYIKIL ELEKTRIK POU KONBAT CHANJMAN KLIMATIK**

*PSC apwouve inisyativ 'EV Make Ready' a pou akselere deplwaman nan plis pase 50,000 estasyon rechaj apati 2025 epi ogmante chif ak gam veyikil elektrik yo*

*Pwogram pou estimile 1.5 milya dola nan nouvo investisman epi founi plis pase 2.6 milya dola nan avantaj konsomatè yo ak opòtinite ekonomik yo*

*Yo mete 206 milyon dola apa nan avantaj kominote ki gen revni fèb yo epi ki defavorize ki gen ladan 85 milyon dola pou finanse twa konpetisyon pri inovan nan kad transpò pwòp*

*Yo akòde 48,8 milyon dola nan finansman règleman a Volkswagen pou ranfòse itilizasyon transpò piblik pwòp ak otobis lekòl, estasyon rechaj EV*

*Sipòte angajman Eta New York, 14 Eta ak D.C. te anonse nan kòmansman semèn sa pou travay an kolaborasyon pou akselere elektrifikasyon nan otobis yo ak nan kamyon yo*

*Anons yo ranfòse lidèchip Eta New York nan dekarbonize sektè transpò a apati 2050*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon ansanm inisyativ transpò pwòp majè, ki gen ladan yon dekrè "Make Ready" ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission) Eta New York apwouve pou avanse angajman New York pou akselere tranzisyon li nan mobilite ki pi pwòp. Anons jodi a sipòte plan k'ap mennen nan nasyon Gouvènè a pou dekarbonize sektè transpò a epi redwi an jeneral emisyon gaz kabonik nan tout eta a 85 pousan apati 2050, menm jan ak dènye anons kolaborasyon ki fèt pa New York, 14 lòt eta ak Washington D.C. pou akselere elektrifikasyon otobis ak kamyon dizèl yo apati 2050.

"New York ap mennen nasyon an nan efò pou konbat chanjman klimatik ak re-imagine sistèm elekrisite nou yo ak règleman enèji pwòp inovan e kounye a nou ap pran gwo etap pou dekarbonize veyikil, ki gen ladan kamyon ak otobis lejè ak pwa lou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Atravè inisyativ tankou 'pwogram EV Make Ready' a, nou ap konstwi enfrastrikti ki nesèsè pou sipòte elektrifikasyon sektè transpò nou an,

pandan n'ap asire ke chak New Yorkè kapab patisipe nan avantaj tranzisyon sa a ki gen ladan lè ki pi pwòp ak nouvo djòb ki byen peye."

Sektè transpò a responsab pi gwo kontribisyon nan polisyon gaz a efè sèr nan Etazini, epi emisyon sa yo ogmante plis pase nenpòt ki lòt sektè nan 30 dènye ane yo. Ankouraje devlopman akselere ak alontèm enfrastrikti rechaj ki pral ofri Nouyòkè yo plis pase 2.6 milya dola benefis nèt epi li kore akonplisman bi elektrifikasyon transpò ak enèji pwòp Eta a. Elektrifye transpò a pral pèmèt Nouyòkè yo alimante veyikil yo ak sous enèji ki pi pwòp, ak enèji renouvelab ki reprezante yon pòsyon k'ap grandi nan apwovizyonman elektrisite eta a. Chwa anplasman konsekan pou enfrastrikti rechaj la pral kore rediksyon kou enstalasyon, amelyore akseptasyon lokal la epi maksimize itilizasyon nan men chofè yo.

Pwogram EV Make-Ready a pral finanse pa sèvis piblik ke investisè posede nan Eta New York epi kreye yon pwogram pataj depans ki ankouraje devlopè sèvis piblik yo ak estasyon rechaj yo pou enstale enfrastrikti rechaj veyikil elektrik chaje enfrastrikti nan kote ki pral founi maksimòm avantaj pou konsomatè yo. Dekrè PSC a kouvri bidjè total la a 701 milyon dola epi li pral rapousuiv jiska 2025, ak 206 milyon dola ki akòde nan direksyon aksè ekita ak nan kominote ki pi fèb yo sou plan sosyo-ekonomik epi ki defavorize ki pral kalifye tou pou yon pi wo ankourajman k'ap sipòte jiska 100 pousan nan depans yo pou fè yon sit pare pou rechaje EV yo.

Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority), ak founisè sèvis li yo, PSEG Long Island te anonse tou yon objektif pou sipòte 180,000 nouvo EV nan Long Island ak 4,650 nouvo pò rechaj EV disi 2025, k'ap kòmanse ak yon investisman 2021 pwopoze ki estime a 4.4 milyon dola nan enfrastrikti pou preparasyon an.

Anplis de finansman Make Ready a ki soti nan sèvis piblik ke investisè posede, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York ap asiyen 48.8 milyon dola nan règleman emisyon dizèl Volkswagen anvè operatè otobis transpò piblik ak operatè otobis lekòl yo ak pwopriyetè estasyon rechaj EV yo pou fè avanse kwasans lokal nan enfrastrikti veyikil elektrik, opsyon transpò piblik pwòp ak transpò piblik, ak otobis lekòl elektrik yo.

Aksyon Komisyon jodi a pral bay finansman pou enfrastrikti yo egzije a pou sipòte plis pase 50,000 koneksyon rechaj Nivo 2, ki kapab chaje yon machin omwen de fwa pi vit pase yon priz estanda ki nan mi, ak 1,500 estasyon rechaj rapid piblik a kouran kontini nan New York an rekonesans ak wòl esansyèl ke estasyon rechaj piblik rapid yo pral jwe akoutèm pou kalme ansanm enkyetid yo. Ankouraje investisman prive nan estasyon rechaj rapid ki aksesib piblikman pral ankouraje mache EV la nan New York pandan pwochen ane yo.

Travay pou aplike pwogram lan pral prensipalman antreprann pa sèvis piblik ke investisè nan Eta posede, ki gen anplwaye — ki gen ladan manm nan Sendika Travayè Sèvis Piblik nan Etazini (Utility Workers Union of America) ak Fratènite Entènasyonnal Elektrisyen (International Brotherhood of Electrical Workers) — yo peye yo nan pri oswa

pi wo pase salè an vigè a. Kote sa aplikab, NYSERDA pral egzije pou yo peye travayè yo salè an vigè a konsènan pri pwogram ki an aplikasyon an.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap ranfòse tou opsyon pou flòt yo atake defi pou diminye emisyon kabòn yo pwodwi yo, patikilyèman nan kominote defavorize yo. Kòm yon pati nan angajman Eta Leta Gouvènè a pou elektrifye otobis transpò pou senk operatè transpò majè toupatou nan eta a, Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la ak NYSERDA pral fè patenarya avèk operatè ranspò piblik sa yo epi bay jiska 1 milyon dola pou etidye defi flòt otobis zero emisyon yo epi idantifye solisyon pou elektrifikasyon ki gen ladan opsyon otobis, bezwen rechaj ak lòt defi lojistik yo.

Pou plis akselere elektrifikasyon flòt veyikil a pwa lejè, mwayen e a pwa lou, ak nan sipò elektrifikasyon transpò ki gen pwa mwayen ak pwa lou MOU an nan plizyè eta ke yo te anonse semèn sa a, Komisyon an te mande tou sèvis piblik yo pou kreye yon Flòt Sèvis Evalyasyon ki gen ladan posibilite sit ak analiz pousantaj, pou ede pwopriyetè flòt yo idantifye sinèji depans ak tan. Deplwaman enfrastrikti rechaj yo ki pral fèt anba dekrè pral pèmèt aksè a rechaj piblik pou adaptè EV yo, ki makonnen ak konsepsyon pousantaj inovan pou rechaj adomisil pou ankouraje chaje padan lè ki gen mwens anbouteyaj yo, ki pral maksimize efikasite sistèm sèvis piblik. Bezwen pou fè modifikasyon konsepsyon pousantaj la pral revize jan inisyativ EV la ap bouje pou pi devan.

Angajman global New York pran anvè agrandisman opsyon transpò pwòp yo ap mete Eta a nan pozisyon kòm yon lidè nasyonal nan deplwaman EV ak avansman teknolojik kontinyèl enfrastrikti rechaj yo. Lòt inisyativ ak pwogram ki te fèt pou atenn objektif inisyativ Charge NY Gouvènè Cuomo a pou gen 10,000 estasyon rechaj EV apati fen 2021 ak 850,000 veyikil zewo degajman apati 2025 epi li deja sou pye: Dapre pwogram Rabè pou Kondui Pwòp (Drive Clean Rebate) NYSERDA a, plis pase 35 milyon dola nan rabè yo kounye a lakoz plis pase 25,000 acha veyikil elektrik nan mwa jen ane sa a.

Anplis de inisyativ pou elektrifye flòt veyikil ak flòt kamyon ki k'ap benefisye jistis anviwonnmantal ak kominote ki defavorize yo, Komisyon an te mande NYSERDA pou pwopoze yon konpetisyon entegre, ki gen jiska 85 milyon dola nan bidjè total EV Make Ready a, ki te fèt pou adrese dirèkteman emisyon, ekite ak elektrifikasyon nan kominote ki toupre dansite elve yo ak lari ki gen anbouteyaj yo ak otowout piblik yo. Twa zòn pri pral konsantre sou sipòte opsyon transpò pwòp ki benefisye kominote ki pi ba sou plan sosyo-ekonomik yo ak jistis anviwonnmantal:

- Pri pou Transfòmasyon Veyikil Pwòp nan Kominote Jistis Anviwònman, yon pwogram 40 milyon dola ki konsantre sou diminye polisyon danjere nan lè nan kominote ki devan liy lan ak kreye transpò "zòn vèt" nan tout Eta New York la;
- Pri Mobilite Pèsonèl Pwòp la, yon pwogram 25 milyon dola pou mande apwòch inovan epi ki gen gwo enpak ki pèmèt aksè ak sèvis transpò pwòp pou kominote defavorize epi mal desèvi yo; ak.

· Prim pou Inovasyon Veyikil Pwa Mwayen ak Lou Pwòp, yon pwogram 20 milyon dola ki fèt pou reyalize benefis dirèk; pèmèt ankèt konkrè sou opòtinite, depans, ak benefis; ak pwouve apwòch inovan ak enpak elve nan elektrifikasyon pwa mwayen ak pwa lou ki ka repwodwi an echèl, ki gen ladan solisyon pou "dènye-mil" yo, youn nan sous emisyon k'ap granddi pi rapid nan klas veyikil sa a.

Kòm yon pati nan angajman eta a pou enfrastrikti EV, Depatman Deta (Department of State, DOS) Eta New York ap kolabore avèk Otorite Enèji New York pou elaji siyifikativman deplwaman chajè rapid DC yo nan kominote anba lavil yo atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Gouvènè a. DOS ak NYPA pral travay avèk gouvènman lokal yo ak moun ki gen enterè kle yo pou idantifye kominote yo k'ap patisipe nan DRI a ki ka enterese nan òganize chajè rapib piblik yo. Yo pral enstale premye chajè anba lavil yo nan pwogram sa a nan otòn 2021. Anplis de sa, atravè inisyativ EVolve NY li a, NYPA dènyèman te enstale de nouvo estasyon rechaj DC rapid nan lye kle yo nan Mid-Hudson epi l'ap travay avèk Thruway Eta New York pou amelyore estasyon rechaj pwèn arè li yo.

**Prezidan Komisyon John B. Rhodes te deklare,** "Nou kapab e nou dwe elektrifye sistèm rapid nou an rapidman pou nou ka reyalize yon ekonomi kabòn zewo, anba lidèchip Gouvènè Andrew M. Cuomo. Avèk investisman entelijan sa yo, nou ogmante dramatikman kantite estasyon rechaj ki santralman ak fasilman aksesib, k'ap benefisyè kliyan elektrik yo ak diminye baryè nan transpò pwòp pou tout Nouyòkè yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Basil Seggos te deklare,** "New York ap bay egzanp pou aksyon eta a dirije yo sou klima a. Pou ka akonpli objektif rediksyon degajman gaz a efè sèr ke Eta a genyen ki ap mennen nan nasyon an, New York dwe redwi degajman ki soti nan sektè transpò a, ki kounye a se pi gwo sous polisyon klimatik. Anons jodi a se prèz pozitif ki montre ke atravè lidèchi Gouvènè Cuomo sou klima a ak investisman ak inisyativ kontinyèl Eta a pou enèji pwòp dirab yo, New York ap dirije efò nasyon an ap fè yo pou aji sou klima a pandan n'ap pwoteje kominote nou yo ak resous natirèl iraplasab nou yo".

**Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Kòm New York kontinye bati sou siksè li nan devlope yon ekonomi vèt ak nan batay kont chanjman klima a, anons jodi a pou egwi a pi lwen toujou lè yo adrese youn nan pi gwo kontribitè nan gaz a efè sèr danjere yo- sektè transpò a. NYSERDA fyè dèske li sipòte vizyon Gouvènè Cuomo k'ap mennen nan nasyon an pou netralite kabòn ekonomik laj ki bay investisman ki nesèsè pou tranzisyon ekitab nan tout yon endistri pandan y'ap priyore avantaj yo pou kominote defavorize yo atravè nouvo pwogram evolutif eki redwi gaz a efè sèr danjere, idantifye nouvo solisyon transpò inovatè ak ogmante aksè nan transpò pwòp pou kominote ki te pi afekte pa enfrastrikti transpò ki pi sal, ak alimantasyon konbistib fosil".

**Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, te deklare,** "NYPA kontan pou sipòte gwo efò inovatè Gouvènè Cuomo pou

dekabonize sektè transpò a Pwogram Make Ready a pral ede eskplwate tout potansyèl ki nan pwogram konplè eta ak sèvis piblik EV yo. Mwen kontan wè elèktrifikasyon sektè transpò a ak tout avantaj li yo reyalize nan yon fiti pwòch. Jodi a, ekip NYPA [EVolue NY](#) ap fè kondui veyikil elektrik chwa ki pi fasil nan enstale ekipman rechaj rapid sou tout otowout ak wout nan sant iben ak nan katye banlye anba lavil yo, ak nan depo otobis nan rejyon nò ak sid nan New York. Nan chak kafou, NYPA ap bati enfrastrikti rechaj EV pou flòt transpò piblik yo, ak pou chofè EV yo pou ede diminye ansanm enkyetid yo epi asire Nouyòkè yo ak vizitè ka vwayaje nan gwo eta nou an soti nan yon bout rive nan yon lòt pandan y'ap kondwi veyikil elektrik".

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** "Depatman Deta ap ede avanse politik inovan epi k'ap mennen nan nasyon Gouvènè Cuomo a sou chanjman klima a. Kòm Prezidan Ekip Evalyasyon Aplikasyon Estratejik REDC a, ak manm Konsèy Aksyon Klima Gouvènè a, mwen fyè paske ajans nou an ap ekplwate lidèchip li sou Pwogram Revitalizasyon Anba Lavil pou pote rechaj EV rapid nan anba lavil nou yo. Inisyativ sa a pral ede bati yon rezo rechaj konplè ak brize baryè a aksè pou moun ki sousye de chanjman klima men ki pa kapab chaje lakay yo, ki se eleman enpòtan nan satisfè objektif klima eta nou an k'ap mennen nan nasyon an ak sipòte devlopman anba lavil dirab".

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Depatman Transpò a kontan fè patenarya avèk Komisyon Sèvis Piblik la ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la pou avanse angajman New York pou akselere investisman nan elèktrifikasyon sistèm transpò a. Investisman estratejik yo apwouve jodi a pral sipòte objektif Gouvènè Cuomo nan domèn netralizasyon kabòn k'ap mennen nan nasyon an nan asire disponiblite estasyon rechaj veyikil elektrik ak enfrastrikti sipò ansanm avèk pwouve fon pou akselere deplwaman tout flòt elektrik yo. Atansyon soutni Gouvènè a sou investisman ki responsab sou plan anviwònman pa sèlman amelyore kalite lè a ak amelyore sante piblik, men li kontinye kreye nouvo djòb vèt dirab ki byen peye".

**Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Elektrik Long Island lan, Tom Falcone te deklare,** "Efò Gouvènè Cuomo pou elaji veyikil elektrik se yon estimilan pou klima ak ekonomi an. Avèk prèske yon tyè nan tout veyikil elektrik yo isit la nan New York nan Long Island, nou pral bati plis pase 4,500 nouvo estasyon rechaj EV pou sipòte 180.000 EV lokalman apati 2025. Anons Gouvènè Cuomo a pral diminye emisyon kabòn, polisyon lè, ak bati yon ekonomi vèt ki fò nan New York".

### **Plan klima k'ap mennen nan nasyon Eta New York la**

Plan klima k'ap mennen nan nasyon Gouvènè Cuomo a se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, k'ap fè apèl a tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye djòb epi ki pral kontinye ankouraje yon ekonomi vèt kòm Eta New York ap Rebat Pi Byen jan l'ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enplemante an lwa nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act), New York sou chemen pou atenn objektif obligatwa li yo nan ekonomi netralite kabòn sou echèl ekonomik ak reyisi yon ektè elektrisite -kabòn zewo emisyon

apati 2040, pi rapid pase nenpòt ki lòt eta. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan investisman 3.9 milya dola nan 67 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope plis pase 1,800 megawat enèji ewolyèn bò 2024, ak 1,700 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2012. Konsèy Aksyon Klima New York ap travay sou yon plan kadraj pou bati sou pwogrè sa a epi redwi emisyon gaz efè sèr pa 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 apati 2050 pandan y'ap asire ke omwen 40 pousan nan benefis ki genyen nan investisman enèji pwòp ale nan avantaj kominote defavorize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)